

Gid pou jwenn èd – Jeneral

Ou mèt kòmanse ak CHA! Kowòdinatè Resous pou Pasyan yo (PRC), yo la pou ede w ak zafè chofaj kay la, elektrisite a, nouriti a, lojman an, depasman yo ak lòt bagay ankò. Si w gen kesyon oswa ou bezwen èd, ou mèt rele Sant CHA Primary Care epi mande pou pale ak Kowòdinatè Resous pou Pasyan an.

Ou Bezwen Èd pou Jwenn Travay ak Lòt Sèvis Itil?

Si w kalifye pou benefisye sèvis MassHealth, TANF, WIC, SSI, SNAP orswa EAEDC, ou kapab ekonomize lajan sou fakti chofaj ak elektrisite yo. Asistans pou peye chofaj kay la disponib nan zòn ou a. Pou w jwenn plis enfòmasyon konsènan sèvis sa yo ki nan zòn ou a, ou mèt kontakte: **1-800-632-8175** oubyen vizite sit wèb:

<https://www.mass.gov/service-details/learn-about-low-income-home-energy-assistance-program-liheap>.

Èske ou bezwen èd pou jwenn manje?

- Rele Project Bread FoodSource Hotline pou pran enfòmasyon sou resous pou manje ki toupre w yo nan **1-800-645-8333** oswa TTY (moun ki gen pwoblèm tande) **1-800-377-1292**. Yo kapab ede w fè demann pou SNAP/bon alimantè tou.
- Si w ansent oswa ou gen yon timoun ki poko gen 5 an, ou gendwa kalifye pou resevwa èd alimantè nan men sèvis **WIC**, rele **617-575-5330**.

Èske ou bezwen èd nan zafè transpò?

Call for free or low-cost rides:

- Mande Kowòdinatè Resous ou a (KRP) oswa medsen w la pou yo dirije w nan pwogram **MassHealth Transportation Program**.
- **CHA Medical Access: 617-522-3159**, rele plizyè jou alavans pou pran yon randevou.
- **MBTA The Ride: Si w itilize sèvis sa a pou premye fwa, ou dwe rele dabò “Eligibility Center” la nan 617-337-2727**. Itilizatè ki egziste yo kapab kontakte konpayi k ap bay yo sèvis “The Ride” yo.
- Si w granmoun oswa andikape, ou kapab benefisye yon pri redwi pou Kat **MBTA Transportation Access (TAP) Pass**. Pale ak Kowòdinatè Resous ou pou w benefisye sèvis sa a.

Ou bezwen Èd pou Achte Medikaman yo Preskri w?

Si w pa ka achte medikaman yo preskri w, fè moun ki ba w swen an konnen epi panse a sèvi avèk Famasi CHA a.

Èske ou bezwen èd nan zafè lojman an?

Si fanmi w gen youn oswa plizyè timoun sou kont li:

- Rele **Cambridge Multi-Service Center: 617-349-6340**.
- Fanmi yo oubyen adilt k ap viv poukont yo, yo mèt: **Rele a Department of Housing and Community Development, (DHCD)** nan nimewo **866-584-0653** epi mande pale ak Kowòdinatè lojman an. Yo kapab dirije w nan biwo DHCP a ki pi pre lakay ou, se kote sa a ou mèt mande èd sèvis lojman an oswa èd ann ijans lan. Si yo refize pran ka w, ou mèt fè apèl desizyon an alekri epi kontakte **Greater Boston Legal Services la: 800-323-3205**.

Si w se yon jèn oswa yon jèn adilt:

- Ou gen ant 17 ak 24 an: **Rele Bridge over Troubled Waters Runaway and Homeless Youth** nan **617-423-9575**.
- Ou gen ant 18 ak 24 an: Rele **Y2Y Cambridge** la nan nimewo **617-864-0795**, Harvard Square (biwo a ouvri soti 15 oktòb pou rive 15 avril).

Si w se yon granmoun poukont ou ki pa gen kay epi ki gen pwoblèm mantal ak/oswa toksikomani:

- Kontakte **Pwogram PATH Eliot** la ki se Pwojè pou Asistans pou Sispann Pa Gen Kay (Projects for Assistance in Transition from Homelessness) nan **781-734-2071**.

Vyolans nan Kay

Si w ap sibi vyolans domestikepi ou bezwen èd ak sèvis sipò:

- Rele **SafeLink** nan **877-785-2020**.

Gid pou jwenn èd – Jeneral

Paj 2

Ou Bewzen Èd pou Travay?

- Rele MassHire Metro North Career Center – Chelsea nan **617-884-4333**.
- Rele 211 pou lòt sèvis itil nan zòn ou an.